

AVI AKSYON KOLEKTIF, RÈGLEMAN KI PWOPOZE AK ODISYON RÈGLEMAN AN

AVI SA A KAPAB AFEKTE DWA LEGAL OU.
TANPRI LI AVI SA A AVÈK ATANSYON.

PWOSÈ #: 98-11208 CA 31
05-2117 CA 31

Yon tribinal te otorize avi sa a. Sa se pa demand yon avoka.

POU: Tout moun oswa enstitisyon ki te posede pwopriyete nan vil Miami epi ki te peye Evalyasyon Ponpye/Sekou ak/oswa Evalyasyon Ponpye Minisipalite a te ranmase depi ane fiskal 1997-1998 jiska ak nan ane fiskal 2006-2007.

Yo te pwopoze de (2) Règleman apa nan yon pwosè aksyon kolektif sou evalyasyon ponpye ak sekou yo te fè pwopriyete kay peye nan vil Miami ak evènman ki te pase pandan pwosè a. De (2) règleman sa yo fèt avèk 1) Minisipalite vil Miami, epi 2) kabinè avoka Adorno & Yoss, LLP. Si ou te resevwa avi sa a pa lapòs san ou pa t fè demand pou sa, dosye Minisipalite vil la endike non ou kapab ajoute nan règleman yo. Kalifikasyon ou pou resevwa yon peman depannde si ak lè ou te posede byen imobilye nan vil Miami epi si evalyasyon ki konsène a aplike sou byen imobilye a nan moman an. Tanpri li Avi anba a pou jwenn enfòmasyon sou dwa ou genyen ak sou fason pou ranpli yon fòmilè Demand Ranbousman, si ou te genyen dwa pou yon ranbousman epi si ou chwazi pou fè sa.

Yon Tribinal te otorize avi sa a paske ou genyen dwa pou konnen règleman ki pwopoze yo nan aksyon kolektif sa a ak tout chwa ou genyen nan sa, anvan Tribinal la decide si pou li bay "apwobasyon final" pou règleman yo. Si Tribinal la apwouve règleman yo, epi apre yo rezoud nenpòt apèl, y ap fè peman ba tout moun ki kalifye epi ki soumèt yon reklamasyon valid. Avi sa a eksplike pwosè a, règleman yo, dwa legal ou, ki benefis ki disponib, kimoun ki kalifye pou yo, epi fason pou resevwa yo.

Onorab Jose Rodriguez, Jij Tribinal Itineran, Onzyèm Tribinal Itineran nan ak pou Konte Miami-Dade, Florid ap sipèvizè aksyon kolektif sa a. Pwosè a rele Masztal v. City of Miami. Moun yo tradui lajistis yo rele "Pleyan", epi vil Miami rele "Defandè". Kabinè avoka Adorno & Yoss, LLP rele "kabinè avoka."

PATIT 1: DESKRIPSYON PWOSÈ A AK NEGOSYASYON POU RÈGLEMAN AN

Pou ou resevwa avi sa a? Dokiman sa a se Avi ou, dapre Règ 1.220 Règ Florid sou Pwosedi Sivil, ki endike yon aksyon kolektif annatant nan tribinal la ak nan pwosè ki endike anwo a. Objektif Avi sa a se pou eksplike règleman ki pwopoze yo ("Règleman yo") pwosè aksyon kolektif ki sòti nan difikilte Evalyasyon Ponpye/Sekou pou Ane Fiskal 1997-1998; 1998-1999; ak 1999-2000 ak Evalyasyon Ponpye pou Ane Fiskal 2000-2001; 2001-2002; 2002-2003; 2003-2004; 2004-2005; 2005-2006 ak 2006-2007 (ansanm kin rele "Evalyasyon yo") ak yon pwosè Carl L. Masztal, Joseph A. Graupier, Juana Martinez ak Marisol Fernandez entante. Akò yo transmèt nan Akò ak Piblikasyon Règleman ("Akò Règleman") yo depoze devan Grefye Tribinal la an koneksyon avèk mosyon pou apwouve Règleman yo, jan sa dekri annapre nan Pati 10 anba a.

Pati yo te jwenn Règleman an pou rezoud tout konfli ak regle nenpòt ak tout konfli ant Pleyan yo, vil Miami ak kabinè avoka a, jan sa endike nan dokiman an. Règleman yo pa vle di Minisipalite vil la oswa kabinè avoka a dakò pou yo angaje nan move zafè oswa nan move konduit oswa pou yo mal aji oswa pou yo vyole nenpòt lwa oswa règleman nan nenpòt konsiderasyon, eksepte pou sa ki konsène vil Miami pou pòsyon Evalyasyon sekou Ponpye/Sekou ki te adopte pou ane fiskal 1997-1998 ak 1998-1999. Tribinal Siprèm Florid decide pwosè *City of North Lauderdale v. SMM Properties* se yon pwosè ki legal pou yon minisipalite pou pibliye evalyasyon pou sèvis ponpye, paske sèvis ponpye pwokire yon benefis espesyal pou pwopriyete a. Kidonk, nenpòt pòsyon Evalyasyon ou te peye te legal nan limit yo te finanse sèvis ponpye. Se sèlman sèvis ijans medikal ki pa kapab finanse atravè Evalyasyon. Apati 14 septanm 2000, Minisipalite vil la te decide yon Evalyasyon li sipòte sou sèvis ponpye sèlman epi kidonk evalyasyon an legal. Pleyan yo endike Evalyasyon an te rete ilegal nan fonksyonman nan limit li finanse sèvis ijans medikal yo. Pa t janm genyen okenn desizyon oswa konklizyon jidisyè sou konfli rival sa yo. Menmsi Tribinal la, nan Litij sa a k ap rezoud la, decide yo Evalyasyon Ponpye/Sekou yo te resevwa nan ane fiskal 1997-1998 ak 1998-1999 pa t konstitisyonèl nan limit li te evalye pou sèvis medikal ijan, Tribinal la pa pran desizyon oswa pa fè konklizyon pou endike Evalyasyon Ponpye/Sekou oswa Evalyasyon Ponpye te enkorèk pase sa ki endike anwo a. Ni li pa t detèmine limit, si genyen, Evalyasyon Ponpye/Sekou te fèt yon fason inadmisib pou sèvis medikal ijan yo. Pleyan yo prezante reklamasyon tou kont kabinè avoka pou aksyon ak inakasyon posib ki gen pou wè ak premye

pwosedi yo kont Minisipalite vil la nan pwosè sa a. Kabinè avoka a, san admèt responsablite ak kontestasyon toudenkou reklamasyon Pleyan yo, chwazi pou rezoud aksyon sa a. Kidonk, menmsi Pati yo dakò pou Règleman yo ak yon pwosesis ranbousman, pa t genyen desizyon okenn Tribinal ki endike Gwoup la genyen dwa pou jwenn yon ranbousman, oswa kantite lajan ki endike a. Ni pa t genyen desizyon okenn Tribinal ki endike Gwoup la genyen dwa pou resevwa lajan nan kabinè avoka a.

Pou kisa yon aksyon kolektif? Nan yon aksyon kolektif, yon moun ki rele yon "Reprezantan Gwoup" (nan pwosè sa a se Carl L. Masztal, Joseph A. Graupier, Juana Martinez ak Marisol Fernandez) tradui lajistis sou non moun ki genyen menm reklamasyon yo. Tout moun sa yo se yon "Gwoup" oswa "Manm Gwoup". Yon sèl pwosè ap rezoud tout pwoblèm yo pou Manm Gwoup la, sof pou manm ki retire tèt yo nan Gwoup la. Aksyon kolektif yo jwenn privilèj lè, tankou isit la, valè reklamasyon chak moun apa twò ba pou pwosè chak moun apa kapab pratik.

Pou kisa genyen yon règleman? Tribinal la pa mande pou deside sou tout pwoblèm yo nan pwosè a. Olye sa, diferan pati yo dakò pou rezoud sa. Nan fason sa a, yo evite peye frè yon pwosè, epi moun ki kalifye yo ap resevwa konpansasyon. Reprezantan Gwoup la ak avoka yo panse Règleman yo pi bon pou tout manm Gwoup la akòz entèval tan ki pase depi kòmansman pwosè a an 1998, devlopman nouvo pwoblèm legal ak defans, ak mank detèminasyon jidisyè sou pifò pwoblèm yo. Règleman yo pa vle di Minisipalite vil la oswa kabinè avoka a fè move bagay, eksepte pou Minisipalite vil la pou pòsyon Sekou Evalyasyon Sekou Ponpye pou ane fiskal 1997-1998 ak 1998-1999. Konsènan sa, pa t genyen desizyon sou okenn dwa pou yon ranbousman.

Sa ki annapre a dekri Règleman ak ki mezi, si genyen, ou kapab vle pran anvan Tribinal la pran yon desizyon sou apwobasyon final la, ki fikse pou yon odisyon nan dat 9 septanm 2008. ("Odisyon san Patipri a").

CHWA SA YO SE CHWA OU DWE FÈ NAN MOMAN SA A:

PREMYÈMAN: Ou dwe deside si ou vle patisipe nan Akò yo. Si ou vle fè sa, ou dwe fè Demand yon Fòmilè Ranbousman, ki dekri anba, a anvan 21 oktòb 2008. Epitou, ou dwe deside anvan 20 out 2008 si ou vle rejte Règleman yo epi fè yon objeksyon alekri. **Pou fè Demand Fòmilè Ranbousman an, ou dwe rele Administratè Règleman an nan nimewo 1-800-981-7567. Ou kapab wè Fòmilè Demand Ranbousman an (ansanm avèk divès kalite dokiman règleman) sou entènèt nan sit wèb www.MiamiFireFeeSettlement.com epitou ou kapab enprime li nan sit wèb la.**

DEZYÈMAN: Si ou pa vle patisipe nan Règleman yo, ou dwe mande esklizyon ("deside pou pa patisipe") nan Gwoup la anvan 20 out 2008. Enstwiksyon pou fè endike anba a. Sinon, w ap genyen obligasyon pou respekte tout dispozisyon Règleman an si Tribinal la apwouve li, epi si ou renmen Règleman yo oswa si ou pa renmen yo, y ap trete ou tankou si ou te vle patisipe ladan yo, epitou ou pa kapab tradui Minisipalite vil la oswa kabinè avoka a lajistis ankò pou menm bagay yo. Si ou pa retire tèt ou nan Gwoup la, oswa si ou pa reponn nan tout, ou kapab pa resevwa benefis yo oswa ou kapab resevwa mwens benefis pase si ou soumèt yon Demand Ranbousman, epitou si yo apwouve Règleman yo, y ap afekte dwa ou pou kòmansè oswa pou kontinye nenpòt pwosè oswa pwosedi ki konsène peman yon Evalyasyon Ponpye/Sekou ak/oswa Evalyasyon Ponpye. **Si ou deside pa patisipe, ou p ap resevwa lajan anba Règleman yo.** Li enpòtan pou reyalize si ou deside pa patisipe, pou ou kapab resevwa nenpòt benefis, w ap oblije kòmansè yon pwosè apa, epi se oumenm k ap depanse pou sa. Si ou deside pa patisipe epi ou kòmansè pwosè ou, yon Tribinal kapab detèmine ou ta dwe pwouve tout bagay sa yo ki endike nan Pati I (epi toujou plis) pou ou kapab resevwa nenpòt dedomajman lajan kont kabinè avoka Minisipalite vil la. Jan sa endike anwo a, ti kantite posib reklamasyon chak moun apa se te rezon ki fè yo te mete aksyon sa a sou yon baz gwoup.

Ou ta dwe remake tou Règleman yo p ap afekte okenn reklamasyon ki pa asosye ou kapab genyen kont Minisipalite vil la.

PATI 2: POU KISA OU RESEVWA AVI SA A

Ou resevwa Avi sa a paske ou **kapab** kalifye pou sèten benefis atravè Règleman ki dekri anwo a. Menm si Tribinal la poko apwouve Règleman yo, li pase lòd pou yo voye Avi sa a ba ou antan yon Manm Gwoup la pou ba ou enfòmasyon sou li epitou pou ba ou yon opòtinite pou fè kòmantè sou li. **Ou ta dwe li Avi sa a avèk atansyon, paske li eksplike desizyon ou dwe pran yo ak mezi ou dwe pran kounye a pou pwoteje dwa ou pou jwenn yon ranbousman.** Desizyon ak mezi sa yo ap afekte dwa legal ou ak nenpòt dedomajman ou kapab kalifye pou resevwa anba Règleman yo.

PATI 3: DESKRIPSYON GWROUP LA

"Gwoup" oswa "Manm Gwoup" dwe vle di tout moun oswa enstitisyon (avèk tou siksesè legal ki kalifye yo, jan sa defini nan paragraf 1.18 Akò Règleman an) ki te posede pwopriyete nan vil Miami, Florid, avèk tou ansyen ak aktyèl anplwaye, ajan, reprezantan, ofisyèl, ofisyè Minisipalite a ak manm fanmi pwòch yo, ki reprezante kapasite endividyèl yo kòm kontribiyab, ki te peye Evalyasyon Ponpye/Sekou ak/oswa Evalyasyon Ponpye Minisipalite vil la te resevwa depi ane fiskal 1997-1998 jiska ak nan ane fiskal 2006-2007. Vil Miami eskli nan Gwoup la.

PATI 4: DESIZYON OU DWE PRAN KOUNYE A

Toudabò, ou dwe deside kounye a si ou vle rete nan Gwoup la oswa si ou vle eskli tèt ou ("deside pou pa patisipe") nan Gwoup la. Si ou rete nan Gwoup la, ou genyen sèten chwa adisyonèl pou fè kounye a, jan sa dekri anba a. Si ou vle eskli tèt ou nan Gwoup la oswa nan Règleman an, ou dwe notifiye Tribinal la, jan sa dekri anba a.

SI OU DESIDE RETE NAN GWROUP LA:

1. Ou **kapab** kalifye pou resevwa yon ranbousman, sa vle di yon pòsyon Lajan Komen total (ki dekri anba a) chak manm Gwoup la genyen dwa pou resevwa, jan sa detèmine dapre yon fòmil Tribinal la apwouve. Pati yo ap anvizaje kantite lajan ki dwe peye chak manm Gwoup la ap depannde kantite manm Gwoup la ki fè demand valid. Okenn manm Gwoup la p ap resevwa yon ranbousman ki plis pase kantite lajan Evalyasyon manm Gwoup la te peye, epi, kidonk, Pati yo kwè li pa posib pou nenpòt moun ap resevwa yon ranbousman konplè tout lajan Evalyasyon ki te peye a. Pousantaj Evalyasyon peye k ap retounen pou chak manm Gwoup la ki kalifye apa pa kapab detèmine jouk moman lè yo trete demand yo dapre Akò Règleman yo.

2. Ou dwe soumèt yon Fòmilè Demand Ranbousman ba Administratè Règleman an si w ap chèche resevwa benefis sa yo. Si ou pa t resevwa Fòmilè Demand Ranbousman nan pa lapòs, ou dwe rele Administratè Règleman an nan nimewo 1-800-981-7567 pou jwenn Fòmilè a epitou ou kapab Fòmilè a (ansanm avèk divès kalite dokiman règleman) sou entènèt nan sit wèb www.MiamiFireFeeSettlement.com epitou ou kapab enprime li nan sit wèb la.

3. Ou kapab pa aksepte tou nenpòt aspè Règleman an depi ou voye yon objeksyon alekri pou sa. Tribinal la ak pati yo dwe resevwa objeksyon ou alekri, epi tenb ki sou anvlòp la dwe date anvan 20 out 2008. Pwosedi pou fè objeksyon an dekri anba a.

4. Si ou rete nan Gwoup la, w ap genyen obligasyon pou respekte tout desizyon ak jijman ki nan pwosè sa a, kit yo anfavè ou kit yo pa anfavè ou. Ou p ap anmezi pou kòmanse, kontinye, oswa patisipe nan okenn lòt reklamasyon, pwosè, oswa lòt pouwit jidisyè kont Minisipalite vil la oswa kabinè avoka a konsènan Reklamasyon yo Konpanse yo (li defini anba a).

PATI 5: DISPOZISYON AK BENEFIS RÈGLEMAN KI PWOPAZE A

Dispozisyon konplè yo prezante nan sit wèb www.MiamiFireFeeSettlement.com epitou yo nan dosye Grefye Tribinal la. An rezime, kòm konsiderasyon pou Règleman li, Minisipalite vil la ap finanse \$15,550,000 nan yon fon ki rele "Fon Komen". Kòm konsiderasyon pou Règleman li, kabinè avoka a ap finanse \$1,600,000 nan Fon Komen an. Debousman Fon Komen an ap fèt annakò avèk Akò Règleman an. Nenpòt enterè ki reyalize sou nenpòt pòsyon Fon Komen an dwe vin fè pati Fon Komen an. Chak manm Gwoup la dwe jwenn dwa pou fè demand yon ranbousman dapre pwosedi ki prezante an gwo nan Avi sa a. Se sèlman manm Gwoup kalifye oswa siksesè legal kalifye yo ki dwe jwenn dwa pou chèche jwenn yon ranbousman. Dwa pou jwenn yon ranbousman pa dwe transferab.

Règleman ant Gwoup la ak kabinè avoka a prevwa nan ka (a) plis pase 5% Gwoup la oswa (b) Manm Gwoup la ki genyen reklamasyon ki depase yon total \$100,000, egzèsè dwa yo pou deside pou pa patisipe nan Règleman an, kabinè avoka a dwe jwenn nan sèl diskresyon absoli li, chwa pou anile Akò Règleman an. Sizoka kabinè avoka a chwazi pou egzèsè dwa li pou anile Règleman an, manm gwoup ki chwazi pou pa patisipe yo ap resevwa avi sou anilasyon an anmenmtan epi nan menm postaj la kòm resi resèt règleman an ant Minisipalite vil la ak Gwoup la. Avi a ap fè manm gwoup la konnen dwa yo pou yo pran mezi kont kabinè avoka a, poukont yo epi avèk pwòp depans yo. Y ap mete avi anilasyon an tou nan adrès sit wèb ki endike nan dokiman sa a. Akò Règleman an genyen ladan tou yon dispozisyon non-difamasyon ki pa anvigè pou Manm Gwoup ki pa Pleyan.

Chak Pati dwe jwenn dwa pou fè restriksyon, dapre lòd, entèdiksyon, oswa lòt reparasyon, nenpòt vyolasyon oswa menas vyolasyon dispozisyon ak règleman ki nan dokiman sa a, epitou pou egzijè pefòmans espesifik dispozisyon ak règleman sa yo.

Reklamasyon ki valid ak apwouve nan Règleman yo ap pataje menm pwopòsyon Fon Komen dapre kantite frè aktyèl ou peye ant 1997-1998 ak 2006-2007. Chak manm gwoup la dwe soumèt yon Fòmilè Demand Ranbousman epi Administratè Règleman an dwe revize ak apwouve fòmilè a. Si ou pa aksepte kantite lajan frè ki peye a jan Administratè Règleman detèmine sa, ou dwe prezante dokiman kantite lajan frè ou te peye yo epitou ou dwe bay dokiman jistifikasyon yo, si Administratè Règleman an mande ou sa.

Finalman, Tribinal la ap apwouve kantite lajan chak reklamasyon endividyèl fikse pou resevwa epitou li genyen sèl dwa pou ogmante oswa revize metòd kalkil kantite lajan pou distribiye ba chak moun. Si reklamasyon ou apwouve, chak reklamasyon ki apwouve dwe resevwa yon pati Fon Komen an nan menm pwopòsyon jan yon fraksyon detèmine sa. Nimeratè fraksyon an se sòm frè aktyèl ou peye yo, an dola, epi denominatè a fraksyon an se sòm frè aktyèl ki peye, an dola, pou tout Reklamasyon ki Apwouve yo. Kalkil la kapab ekprime sou fòm ekwasyon sa a:

$$\begin{array}{l} \text{KANTITE FRÈ AKTYÈL OU PEYE} \\ \text{-----} \times \text{PÒSYON} \\ \text{KANTITE TOTAL FRÈ AKTYÈL KI PEYE} \\ \text{NAN TOUT REKLAMASYON KI APWOUVE} \end{array} = \begin{array}{l} \text{FON KOMEN} \\ \text{KOTE OU PATISIPE A} \\ \text{(sètadi, Règleman Minisipalite vil la, kabinè avoka a, oswa toulède Règleman yo)} \end{array} \text{KANTITE LAJAN DISTRIBISYON OU}$$

Fon Komen an kapab redui a \$1,600,000 si kabinè avoka a egzèsè dwa li pou anile règleman li avèk Gwoup la, jan sa endike anwo a. Fon Komen an ap redui a kantite lajan frè avoka ak frè Tribinal la akòde Konsèy Defans Gwoup la, ak kantite lajan frè administratif Tribinal la apwouve pou administrasyon règleman yo.

PATI 6: KOMINIKASYON REKLAMASYON MANM GWROUP LA AK ANILASYON PWOSE A

Konsènan konsiderasyon pou Règleman yo, depi genyen apwobasyon final, chak manm Gwoup la dwe anvizaje pou bay yon kominikasyon total ak konplè pou nenpòt ak tout reklamasyon jan sa dekri anba a. Kominikasyon an dwe genyen yon pati entegral ak enpòtan Règleman yo, epi li pa kapab separe nan Règleman yo. Nenpòt manm Gwoup ki pa vle bay kominikasyon an dwe deside pou pa patisipe jan sa dekri nan Avi sa a.

Depi fin genyen Apwobasyon Final, epi lè ou pa chwazi pou retire tèt ou nan Gwoup la dapre Règleman yo, chak manm Gwoup la dakò pou toujou kominike, remèt, jwenn, satisfè ak dechaje Minisipalite vil la, avèk tou tout direktè, ofisyèl, ofisyè, anplwaye ajan, reprezantan, avoka, ak manadjè ki aktyèl ak ansyen, Adorno & Yoss, LLP, asirè ak re-asirè, avoka li yo, aksyonè li yo, manm pèsonèl li yo, anplwaye li yo, ofisyè li yo, direktè li yo, reprezante li yo oswa ajan li yo ki la kounye oswa ki ansyen (epitou espesyalman Henry Adorno, Esq., Mitchell Bloomberg, Esq., ak Robin Campbell, Esq.), Eva Nagymihaly, Kenneth Merker, Gordon Willitts, Jean Prosper ak/oswa Jocelyn Prosper, Judy Clark, Peter Clancy, Tenants and Taxpayers United For Fairness, Inc. ak TTUFF, Inc. ("Moun ki resevwa kominikasyon an") nan nenpòt ak tout, ak tout manyè aksyon an ak aksyon yo, kòz la ak kòz yo, kòz la oswa kòz yo pou aksyon an, reklamasyon yo, kontra yo, deba yo, angajman yo, domaj yo, dedomajman legal ak administratif, si yo baze sou lalwa federal, lalwa leta oswa lalwa lokal, tèks lalwa oswa òdonans, règleman, kontra, dwa koutimye, oswa nenpòt lòt sous, avèk tout nenpòt reklamasyon ki gen pou wè ak lalwa federal oswa lalwa leta, Pleyan yo oswa nenpòt manm Gwoup la te sipoze, kapab sipoze, pètèt oswa kapab sipoze oswa evalye kounye a oswa alavni kont Minisipalite vil la, kabinè avoka a oswa lòt Moun ki resevwa Kominikasyon an tankou pou Reklamasyon yo, oswa nan nenpòt lòt tribinal oswa devan nenpòt enstitisyon oswa biwo administratif oswa devan nenpòt enstitisyon oswa biwo gouvènman (avèk tou nenpòt komisyon kontwòl federal oswa leta), tribinal, komite abitraj oswa òganizasyon oto-règlemantasyon sou baz, ki konekte avèk, ki rive sou, oswa ki asosye ak, nan tout oswa nan pati, tout kòz aksyon an, avèk tou men pa limite nan aksyon ki fèt nan neglijan, prejdis ki pa entansyonèl, prejdis ki entansyonèl, dwa sivil, kontra, tèks lwa, dwa koutimye, lwa konstitisyonèl, oswa lwa administratif, ki konsène Evalyasyon yo avèk tou, epi san limit, nenpòt ak tout reklamasyon ki anrapò avèk Òdonans lan, Tèks lwa yo, Tèks lwa ki amande, Rezolisyon yo, Reklamasyon yo, koleksyon Evalyasyon yo Minisipalite vil la fè oswa separasyon Evalyasyon yo ak nenpòt aksyon, inaksyon, konduit oswa evènman Minisipalite vil la oswa sou non li, avèk tou tout direktè li yo, ofisyèl li yo, ofisyè li yo, anplwaye li yo, ajan li yo, reprezantan li yo, avoka li yo, ak manadjè li yo ki aktyèl ak ansyen, Adorno & Yoss, LLP, asirè

ak re-asirè li yo, avoka li yo, aksyonè li yo, manm pèsònèl li yo, anplwaye li yo, ofisye li yo, direktè li yo, reprezantan li yo oswa ajan li yo ki aktyèl ak ansyen (epitou espesyalman Henry Adorno, Esq., Mitchell Bloomberg, Esq., ak Robin Campbell, Esq.), oswa Eva Nagymihaly, Kenneth Merker, Gordon Willitts, Jean Prosper ak/oswa Jocelyn Prosper, Judy Clark, Peter Clancy, Tenants and Taxpayers United for Fairness, Inc. ak TTUFF, Inc., pandan pwosesis Litij la, anvan règleman ant Pleyan Orijinal yo ak Minisipalite vil Miami, oswa ki asosye ak konduit pwosedi jidisyè yo. Kominikasyon ak konsantman pou pa tradui lajistis angaje sou nenpòt manm Gwoup ki pa pran desizyon pou pa patisipe.

Lè chak manm Gwoup la pa chwazi pou eskli tèt yo nan Gwoup la, chak manm Gwoup la dakò avèk volonte yo pou li, lè li aji poukont li oswa ansanm, pa chèche tabli, konsève, pouswiv lajistis, tradui lajistis oswa revandike nan nenpòt aksyon oswa pwosedi jidisyè kont Minisipalite vil la, avèk tou tout direktè li yo, ofisyèl li yo, ofisye li yo, anplwaye li yo, ajan li yo, reprezantan li yo, avoka li yo, ak manadjè li yo ki aktyèl ak ansyen, Adorno & Yoss, LLP, asirè ak re-asirè li yo, avoka li yo, aksyonè li yo, manm pèsònèl li yo, anplwaye li yo, ofisye li yo, direktè li yo, reprezantan li yo oswa ajan li yo (epitou espesyalman Henry Adorno, Esq., Mitchell Bloomberg, Esq., ak Robin Campbell, Esq.), Eva Nagymihaly, Kenneth Merker, Gordon Willitts, Jean Prosper ak/oswa Jocelyn Prosper, Judy Clark, Peter Clancy, Tenants and Taxpayers United for Fairness, Inc. ak TTUFF, Inc., nenpòt aksyon oswa aksyon yo, kòz la ak kòz yo pou aksyon an, oswa reklamasyon sou baz, ki konekte avèk, ki parèt sou, oswa ki asosye avèk nan tout oswa nan pati Reklamasyon yo, avèk tou san limit, nenpòt oswa tout zak, absans, enfòmasyon, zafè, tranzaksyon oswa evènman ki te dirèkteman oswa endirèkteman sipoze, revandike, dekri, endike oswa refere nan, oswa asosye avèk Litij la, oswa reklamasyon yo, epitou san limit, enfòmasyon yo, evènman yo, ak sikonstans yo ki reprezante baz akizasyon ki endike nan Litij la. Anyen la pa dwe anpeche nenpòt aksyon aplike dispozisyon Règleman yo.

Anrapò avèk kominikasyon sa a ak angajman pou pa tradui lajistis, manm Gwoup la rekonèt yo okouran yo kapab dekouvri annapre enfòmasyon, reklamasyon ak kòz aksyon yo pa konnen oswa yo pa sispèk kounye a, oswa enfòmasyon anplis oswa ki diferan ak enfòmasyon yo konnen oswa kwè ki vrè kounye a konsènan zafè ki kominike la a. Malgre sa, se objektif Règleman yo ak entansyon Pleyan yo ak manm Gwoup la pou rezoud ak kominike tout zafè sa yo, ak tout aksyon yo, kòz yo, kòz aksyon an, reklamasyon yo, Reklamasyon Enkoni yo (jan sa defini anba a) kont Minisipalite vil la, avèk tou tout direktè li yo, ofisyèl li yo, ofisye li yo, anplwaye li yo, ajan li yo, reprezantan li yo, avoka li yo, ak manadjè li yo ki aktyèl ak ansyen, Adorno & Yoss, LLP, asirè ak re-asirè li yo, avoka li yo, aksyonè li yo, manm pèsònèl li yo, anplwaye li yo, ofisye li yo, direktè li yo, reprezantan li yo oswa ajan li yo ki ansyen epi ki la kounye a (epitou espesyalman Henry Adorno, Esq., Mitchell Bloomberg, Esq., ak Robin Campbell, Esq.), Eva Nagymihaly, Kenneth Merker, Gordon Willitts, Jean Prosper ak/oswa Jocelyn Prosper, Judy Clark, Peter Clancy, Tenants and Taxpayers United for Fairness, Inc. ak TTUFF, Inc. ki egziste, ki kapab egziste annapre, oswa ki kapab te egziste (kit yo pa t revandike oswa yo te revandike anvan oswa kounye a nan nenpòt aksyon).

“Reklamasyon Enkoni” vle di epi genyen ladan reklamasyon nenpòt manm Gwoup la, pou kèlkeswa rezon an, pa konnen oswa pa sispèk ki egziste anfavè li nan moman kominikasyon Minisipalite vil la, Adorno & Yoss, LLP, asirè ak re-asirè li yo, avoka li yo, aksyonè li yo, manm pèsònèl li yo, ofisye li yo, direktè li yo, reprezantan li yo oswa ajan li yo ki aktyèl ak ansyen (epitou espesyalman Henry Adorno, Esq., Mitchell Bloomberg, Esq., ak Robin Campbell, Esq.), Eva Nagymihaly, Kenneth Merker, Gordon Willitts, Jean Prosper ak/oswa Jocelyn Prosper, Judy Clark, Peter Clancy, Tenants and Taxpayers United for Fairness, Inc. ak TTUFF, Inc. epi ki, si, li konnen yo, kapab te afekte vrèman desizyon li pou rezoud oswa pou pa refize Règleman yo.

Kominikasyon an, jan li dekri nan dokiman sa a, se yon kondisyon Règleman yo, ak yon eleman entegral konsiderasyon pou Minisipalite vil la ak pou kabinè avoka a, ak eleman entegral Règleman yo.

PATI 7: ENSTWIKSYON POU ESKLI TÈT OU NAN GWROUP LA

Si ou pa vle patisipe nan youn oswa nan toulède Règleman yo, ou kapab mande pou yo eskli ou. Pou fè demand eskli nan Gwoup la, ou dwe fè yon demand alekri ba Grefye Tribinal la epi pou voye yon demand alekri pa lapòs ba Administratè a, nan adrès ki endike anba a, epi tenb ki sou anvlop la dwe date anvan 20 out 2008:

Pou Administratè a (kourye):

Masztal v. City of Miami
Settlement Administrator
PO Box 3170
Portland, OR 97208-3170

Pou Tribinal la (dosye):

Clerk of the Court
Circuit Court, Eleventh Judicial Circuit in and for Miami-Dade County, Florida
73 West Flagler St
Miami, FL 33130

Demand pou eskliyon an dwe prezante nan nenpòt patikilye, men li dwe endike enfòmasyon sa yo:

1. Non ou, adrès ou ak nimewo telefòn ou;
2. Yon deklarasyon ki endike ou vle eskli tèt ou nan Gwoup la;
3. Siyati ou;
4. Non ak nimewo pwochè a (Masztal v. City of Miami, Case Nos. 98-11208 CA 31, 05-2117 CA 31), epi
5. Si ou fè demand eskliyon nan:
 - a. Règleman Minisipalite vil la; OSWA
 - b. Règleman avèk kabinè avoka a, OSWA
 - c. Toulède Règleman yo.

Remak: Si ou pa presize ki règleman, y ap konsidere demand ou kòm yon demand ou fè pou eskli tèt ou nan toulède règleman yo.

Tanpri asire ou ekri mo "EXCLUSION REQUEST" (demann pou eskliyon) sou kwen gòch pa anba devan anvlòp la.

Si ou te chwazi pou yo eskli ou nan Gwoup la:

1. Ou p ap kalifye pou resevwa okenn nan benefis yo;
2. Ou p ap jwenn pèmasyon pou fè objeksyon kont dispozisyon yo;
3. Ou p ap genyen obligasyon pou respekte okenn fiti desizyon yo nan pwochè sa a; epi
4. Konsènan nenpòt règleman (Minisipalite vil la oswa kabinè avoka a oswa toulède) kote ou fè demand pou yo eskli ou:
 - a. Ou p ap kalifye pou resevwa okenn nan benefis yo;
 - b. Ou p ap jwenn pèmasyon pou fè objeksyon kont dispozisyon yo;
 - c. Ou p ap genyen obligasyon pou respekte okenn fiti desizyon yo pran nan pwochè sa a; epi
 - d. Pou resevwa lajan nan plas Règleman sa yo, w ap genyen pou fè pwòp pwochè ou, avèk pwòp depans ou.

SONJE: OU DWE FÈ DEMAND OU POU ESKLIYON AVÈK ANVLÒP KI GENYEN TENB KI DATE ANVAN 20 OUT 2008. SI W PA FÈ SA, SOF JAN TRIBINAL LA KAPAB BAY LI, DEMAND POU ESKLIYON OU AP AN RETA AK ENVALID.

SI OU FÈ DEMAND POU ESKLIYON OU EPI ANVLÒP LA GENYEN TENB KI DATE APRE 20 OUT 2008:

1. **W AP RETE YON MANM GWROUP LA EPI W AP GENYEN OBLIGASYON POU RESPEKTE RÈGLEMAN YO AK TOUT LÒD AK JIJMAN KI NAN PWOCHÈ SA A.**
2. **OU P AP KAPAB FÈ OKENN PWOCHÈ OSWA POU SWIT JIDISYÈ, PATISIPE NAN OKENN PWOCHÈ POU SWIT JIDISYÈ, PLEDE OKENN PWOCHÈ POU SWIT JIDISYÈ OSWA KONTINYE OKENN PWOCHÈ OSWA POU SWIT JIDISYÈ KI BAZE SOU OSWA KI GEN POU WÈ AK REKLAMASYON, KÒZ AKSYON YO, ENFÒMASYON YO OSWA SIKONSTANS KI PIBLIYE NAN RÈGLEMAN YO.**

Menm si ou deja genyen yon reklamasyon, yon pwochè oswa lòt pwosedi jidisyè ki annatant kont Minisipalite vil la oswa kabinè avoka konsènan pwoblèm ki sòti nan aksyon gwoup la, ou dwe toujou soumèt yon demand alekri pou eskliyon pou demand lan kapab fèt ba Grefye Tribinal la epi pou voye li ba Administratè a pa lapòs, epitou anvlòp la dwe genyen tenb ki date anvan 20 out 2008, pou w kapab eskli nan Gwoup la konsènan nenpòt règleman oswa toulède. Si non, w ap genyen obligasyon pou respekte lòd ak jijman ki nan pwochè sa a, epitou, sizoka yo apwouve Règleman yo epi Règleman yo vin final, y ap entèdi pou swit jidisyè ou yo.

PATI 8: ODISYON POU RÈGLEMAN AN, DWA OU GENYEN POU PA DAKÒ AVÈK RÈGLEMAN YO, AK DWA OU GENYEN POU FÈ APÈL

A. ODISYON POU RÈGLEMAN AN: Nan dat 9 septanm 2008 a 10:00 AM EDT, nan adrès 73 West Flagler St, Courtroom 11-1, Miami, Florida 33130, Tribinal la ap òganize yon Odisyon san Patipri pou konsidere si pou li akòde sètifikasyon Gwoup la pou objektif Règleman an, epitou si pou li apwouve Règleman yo kòm Règleman ki jis, rezonab ak satisfèzan. Tribinal la ap detèmine tou kantite frè ak depans avoka pou li akòde Konsèy Defans Gwoup la. Pa genyen akò pami pati yo konsènan frè sa yo, epi se Tribinal la k ap fikse yo annakò avèk lwa ki anvigè.

Si ou pa t mande pou yo eskli ou nan Gwoup la, ou kapab konteste nenpòt aspè Règleman yo, jan sa diskite anba a. Ou kapab vini tou nan Odisyon san Patipri a pou prezante objeksyon ou yo, menm si ou pa genyen obligasyon pou fè sa. Si ou satisfè avèk Règleman yo, ou pa bezwen vini nan odisyon an. Tanpri sonje Tribinal la genyen dwa pou chanje dat oswa lè odisyon an san li pa bay avi pou sa. Si w ap fè plan pou vini nan odisyon an, ou ta dwe konfime dat ak lè a anvan ou ale nan Tribinal la.

B. DWA POU PA DAKÒ AK ENSTWIKSYON POU FÈ OBJEKSYON: Ou dwe rete yon manm Gwoup la pou ou kapab fè objeksyon kont nenpòt aspè Règleman yo, epitou kont sètifikasyon final yon Gwoup, onètete Règleman yo, konpetans Pleyan ak avoka yo ki reprezante gwoup la, ak distribisyon Frè ak Depans Avoka a.

Objeksyon alekri ou dwe genyen ladan:

1. Non ou, adrès ou ak nimewo telefòn ou;
2. Yon deklarasyon objeksyon ou (yo) ak nenpòt lwa ak/oswa prèv sipò ou vle entwodui; epi
3. Non ak nimewo pwosè a (Masztal v. City of Miami, Case Nos. 98-11208 CA 31, 05-2117 CA 31).

OU DWE SOUMÈT OBJEKSYON EKRI OU BA GREFYE TRIBINAL LA ANVAN 20 OUT 2008 PA LAPÒS NAN ADRÈS SA A:

Clerk of the Court
Circuit Court, Eleventh Judicial Circuit in and for Miami-Dade County, Florida
73 West Flagler St
Miami, FL 33130

OU DWE VOYE KOPI OBJEKSYON SA YO TOU PA LAPÒS BA TOUT AVOKA KI ENDIKE ANBA A, EPI ANVLÒP LA DWE GENYEN TENB KI DATE ANVAN 20 OUT 2008.

Konsèy Defans pou Minisipalite Miami:

Julie O. Bru, City Attorney
Office of the City Attorney
444 SW Second Ave, Ste 945
Miami, FL 33131

Thomas E. Scott, Esq.
Scott A. Cole, Esq.
Cole, Scott & Kissane, P.A.
1390 Brickell Ave, Third Floor
Miami, FL 33131

Konsèy Defans Gwoup la:

Patrick A. Scott, Esq.
Richard L. Williams, Esq.
Michael Garcia Petit, Esq.
2800 Miami Center
201 S. Biscayne Blvd.
Miami, FL 33131-4330

Konsèy Defans pou Adorno & Yoss, LLP

Ronald L. Kammer, Esq.
David P. Hartnett, Esq.
Hinshaw & Culbertson, LLP
9155 S. Dadeland Blvd.
Suite 1600
Miami, FL 33156

Tribinal la p ap konsidere okenn objeksyon avèk anvlòp ki genyen tenb ki date apre 20 out 2008, sof si ou kapab montre rezon valab poutèt ou anreta. Si ou soumèt objeksyon ou anreta, y ap konsidere ou abandone oswa ou anile objeksyon ou, sof si ou montre rezon ki valab.

Si ou soumèt objeksyon ou yo alè epi Tribinal la anile yo, w ap toujou kalifye pou resevwa yon ranbousman anba Règleman yo depi ou ranpli ak soumèt yon Fòmilè Demand Ranbousman alè.

C. DWA POU VINI NAN ODISYON: Si ou ranpli ak soumèt yon objeksyon alekri alè jan sa dekri anwo a, ou kapab - men ou pa genyen obligasyon pou sa - vini nan Odisyon san Patipri a, swa an pèsòn oswa atravè yon avoka ou peye. Oumenm oswa avoka ou kapab vini nan Odisyon san Patipri a pou fè objeksyon kont nenpòt aspè Règleman yo, epitou kont sètifikasyon final yon Gwoup Règleman, onètete Règleman yo, konpetans Pleyan yo ak Konsèy Defans ki reprezante Gwoup la, ak distribisyon frè ak depans avoka a Tribinal la ap fikse dapre lalwa ki anvigè.

Si oumenm oswa avoka ou genyen entansyon pou vini nan Odisyon san Patipri, oumenm oswa avoka ou dwe soumèt yon Avi Entansyon pou Konparèt ba Grefye Tribinal la, epitou ou dwe soumèt Avi sa a ba Konsèy Defans lan, nan adrès ki endike anba a. Avi Entansyon ou pou Konparèt dwe genyen tenb ki date anvan 20 out 2008, sof sa Tribinal la bay la.

PATI 9: FRÈ AK DEPANS AVOKA

Avoka ki reprezante Gwoup la pa touche anyen pou travay yo (prèske katran) oswa pou lajan yo depanse sou non Gwoup la. Se pozisyon reprezantan gwoup la, dapre lalwa, pou avoka ki reprezante Gwoup la genyen dwa pou resevwa peman nan Fon Komen an. Avoka ki reprezante gwoup la soumèt deklarasyon sou sèman ki detaye yon gid pou \$1,537,454.50 (kantite èdtan ki travay x salè pa èdtan rele "gid"). Yo p ap chèche frè avoka pou travay yo fè nan zafè sa a depi lete 2007. Dapre prèv ki montre Tribinal tandè anrapò ak risk yo pran ak rezilta yo jwenn, reprezantan gwoup la deklare Tribinal la kapab fikse frè nenpòt kote ant zewo ak senk fwa gid la. Tribinal la poukont li ap deside nan Odisyon san Patipri a konbyen lajan avoka ki reprezante gwoup la dwe touche, dapre estanda ki egzije anba lalwa Florid. L ap òganize yon odisyon davans – nan dat 22 jiyè 2008 a 10 AM EDT nan adrès West Flagler Street, Miami, FL 33130 -- pou resevwa temwayaj ak lòt prèv ki gen pou wè ak demand frè avoka yo. Ou dwe soumèt mosyon pou sipòte oswa pou kont Frè Avoka yo anvan fen jou ouvrab 15 jiyè 2008, epitou ou dwe remèt li jan sa endike nan Pati 8 B. Reprezantan gwoup la mande pi gwo miltiplikatè pi avoka yo, kote yo endike, anplis efò ak rezilta yo, Florid genyen yon politik piblik pou akòde frè ki gwo ase pou ankouraje avoka yo aji kòm pwokirè jeneral prive nan pwosè ki nan enterè piblik la tankou sa a. Pa genyen okenn akò ant oswa pami Minisipalite vil la, kabinè avoka a oswa Konsèy Defans Gwoup la konsènan kantite lajan ki dwe akòde pou Konsèy Defans Gwoup la an frè ak depans, eksepte yo tout dakò pou pwoblèm lan rete pou Tribinal la.

PATI 10: FASON POU JWENN ENFÒMASYON ADISYONÈL

Avi sa a se sèlman yon rezime Règleman yo, ki prezante nan dokiman legal pi detaye ki rele "Akò pou Règleman ak Kominikasyon." Dosye Tribinal la genyen tout atik piblik ki konsène pwosè a. Tout dosye Tribinal la disponib pou enspeksyon piblik. Li genyen tout dokiman yo soumèt nan pwosè a. Dokiman yo genyen tout Plent, mosyon (avèk tou dokiman sètifikasyon gwoup la, apwobasyon règleman yo, depans yo, ak frè avoka), ak Lòd ak Akò Règleman yo ak Kominikasyon yo. Ou kapab enspekte dokiman sa yo nan Biwo Grefye a nenpòt kilè nan orè nòminal biwo, Lendi pou rive Vandredi, ant 9:00 a.m. ak 4:00 p.m., Fizo Orè Lès. **Si ou genyen nenpòt kesyon oswa senpleman si ou bezwen on kopi Fòmilè Demand Ranbousman, ou kapab rele Administratè Règleman an nan nimewo 1-800-981-7567 oswa ou kapab wè divès kalite dokiman règleman an sou entènèt nan sit wèb www.MiamiFireFeeSettlement.com, epitou ou kapab enprime Fòmilè Demand Ranbousman an nan sit wèb la.**

TANPRI PA RELE TRIBINAL LA, GREFYE TRIBINAL LA OSWA MINISIPALITE MIAMI. YO P AP ANMEZI POU REPONN KESYON OU YO.

Dat la: 6 jen 2008 nan Miami, Florid.

Circuit Court, Eleventh Judicial Circuit in and for Miami-Dade County, Florida
73 West Flagler St
Miami, FL 33130